

# Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Matènèl



## Jeyometri 2-D






Chè Fanmi,



Nou ap kòmanse yon nouvo inite etid nan matematik yo rele Jeyometri 2-D. inite etid sa konsantre sou figi de-dimansyonèl. Elèv ou pral idantifye, dekri, bati, epi trase figi 2-D. Elèv ou pral itilize tou langaj jeyometrik tankou: sèk, ekzagòn, rektang, lozanj, kare, trapèz, ak triyang. Elèv ou pral dekri pozisyon figi nan anviwònman li kote li pral itilize mo ki endike pozisyon tankou: anwo, dèyè, anba, akote, devan, aprè. Objektif enstriktif espesifik elèv ou pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp sou travay elèv ki montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif.

**Objektif Enstriktif:** Idantifye, nonmen, e dekri figi 2-D.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Ki non figi ki anlè pòt la?</p> <p>Dekri figi ki anlè pòt la.</p> <p>Mete yon <b>X</b> sou figi ki anlè pòt la.</p> 	<p><i>"The shape above the door is a circle. It has no vertices and no straight sides. It is round."</i></p> 

**Objektif Enstriktif:** konstui epi trase figi 2-D epi mete figi 2-D yo ansanm pou fòm pi gwo figi 2-D.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>konstui yon triyang, itilize chalimo sayo.</p>  <p>Trase yon triyang.</p>	 <p>"I know that triangles have three sides and three vertices. Triangles are closed shapes. I put three straws together with each side touching to build a triangle."</p> <p>"Mwen te trase yon figi fèmèn ki gen 3 kote dwat ak twa vètèks. Se yon triyang."</p> 

<p>ranpli figi sa ak figi ki pi piti.</p> 	 <p>"I used different shapes to fill the picture. I used 2 triangles, 2 hexagons, and 3 squares."</p>
--	---

**Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif:** Konprann pwoblèm epi rezoud yo kote yo pral itilize estrateji san elèv la pa dekouraje.



**Bagay ou kapap fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:**

**Figi ki toutotou nou :**

- Genyen figi toutotou nou. Mande elèv ou sou figi yo wè lakay yo. Fè elèv ou dekri figi yo.



**Konstui yon Figi**

- Konstui figi se yon gwo mwayen pou aprann sou yo. itilize ajil, kidan, oswa fil pou fòm diferan figi. Fè elèv ou dekri figi yo konstui a.